



Enfòmasyon Enpòtan Sou Matematik Klas 4èm Ane

Baz Konparezon sou Miltiplikasyon ak Adisyon




Chè Fanmi,

Klas nou an ap kòmanse etidye yon chapit nan matematik yo rele Baz Konparezon sou Miltiplikasyon ak Adisyon. Chapit sa a pral konsantre sou tab miltiplikasyon ak pwoblèm konparezon sou miltiplikasyon. Elèv pral aprann tou sou faktè nonb ak diferans ant nonb prim e konpoze. Objektif enstriktif espesifik elèv ou pral travay sou yo a nan lis anba avèk ekzanp kote travay elèv yo montre konpreyansyon sou objektif enstriktif.

Objektif Enstriktif: Miltipliye jiska 12 x 12 epi eseye ilistre e eksplike kalkilasyon tablo, modèl, ak ekwasyon.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv		
<p>Genyen 6 sak zoranj, avèk 4 zoranj nan chak sak. Konbyen zoranj ki genyen an total?</p>	<p>Trase yon tablo:</p> 	<p>Itilize yon modèl:</p> 	<p>Ekri yon ekwasyon:</p> <p>$6 \times 4 = 24$</p> <p>oswa</p> <p>$(6 \times 2) + (6 \times 2) = 24$</p>

Objektif Enstriktif: Reprézante pwoblèm konparezon sou miltiplikasyon avèk pwoblèm ekwasyon epi eseye rezoud yo pa miltiplikasyon oswa divizyon.



Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv	
<p>Yon ma drapo mezire 28 pye dewotè. Sam se 7 pye dewotè. Konbye pye dewotè ma drapo a genyen anlès Sam?</p> 	<p>Itilize miltiplikasyon:</p> <p>$\underline{\quad} \times 7 = 28$</p> 	<p>Itilize divizyon:</p> <p>$28 \div 7 = \underline{\quad}$</p> 

Objektif Enstriktif: Chèche faktè pou nonb a de-chif epi eseye detèmine si yon nonb se prim oswa konpoze.


Ekzanp Pwoblèm

Ekzanp sou Solisyon Elèv


Chèche faktè 24 yo. answit decide si 24 se yon nonb prim oswa yon nonb konpoze.



"sa yo se sèl tablo rektangilè ki posib ki kapab fòme avèk 24 mozayik kare. Dimansyon tablo faktè nan 24."



Men tout pè faktè 24.



- 1x24
- 2x12
- 3x8
- 4x6

"Mwen konnen ke yon nonb konpoze se yon nonb ki gen pliske de fakè diferan. Mwen konnen tou yon nonb prim genyen ekzakteman de faktè ki diferan de youn alòt (1 ak faktè a). Pliske 24 gen plis pase yon faktè, 24 dwe yon nonb konpoze"

Panse Matematik ak Pratik pou Objektif Enstriktif: Pèsevere pou konprann epi rezoud pwoblèm kote ou kapab itilize milti estrateji pandan w ap mande "Eske sa fè sans?"



Bagay ou kapab fè lakay pou sipòte pitit ou pandan li ap etidye chapit sa a:

Miltiplikasyon enpòtam pou siksè pitit ou nan matematik. Itilize nenpòt opòtinite pou pratike tab miltiplikasyon jiska 10×10 . Praktike pandan w ap prepare dine oswa moute nan yon machin se bon mwayen pou “glise” pratik miltiplikasyon.

Lè pitit ou mande pou èd pou rezoud yon pwoblèm, li kapab enpòtan pou poze kesyon tankou sayo:

- Kisa pwoblèm nan mande pou m chèche?
- Eske sa raple w de lòt pwoblèm?
- Ki pati nan pwoblèm nan ou konnen kijan pou rezoud?
- Ki pi bon kote pou kòmanse?
- Kisa w deja jwenn annatandan?
- Eske trase yon imaj oswa yon dyagram kapab ede?
- Kòman m kapab ede w (san m pa bezwen ba w yon repons)

Sitiyasyon sou Modèl Miltiplikasyon: Ankouraje pitit ou pou ede w rezoud pwoblèm sitiyasyon miltiplikasyon ki parèt nan aktivite jounalye ou. Lè w ap achte, ou kapab mande “konbyen bwat ji nou kapab genyen si yo vini nan pakè 3, epi nou achte 6 pakè?” nan plas piblik, ou kapab mande, “si genyen 8 ekip foutbòl nan vil nou an epi chak ekip genyen 11 jwè, konbyen timoun k ap jwe foutbòl?”

Tablo Rechèch: Chèche bagay toupatou lakay ou oswa nan boutik ki genyen pakè oswa ki aranje nan tablo rektangilè: tuil atè a, ze nan bwat, vit nan fenèt, yon pakè ji anbwat ki genyen 6, ak lòt bagay ankò. Pale avèk pitit ou sou dimansyon (nonb ranje ak kolòn), epi diskite mwanyen pou figire nonb total bagay yo.

Ranje Chèz: Sipoze ke ou genyen 40 chèz. Ou vle ranje yo nan ranje dwat pou yon odyans pou gade yon teyat. Ou dwe ranje chèz yon fason ou genyen menm valè nan chak ranje. Nan konbyen diferan fason ou te kapab fè sa? (E si w kòmanse avèk 50 chèz? 75? 72? 71?)

Matematik ak Literati: Men kèk sijasyon sou liv timoun ki genyen ide matematik enpòtan sou miltiplikasyon. Chèche liv sayo nan bibliyotèk lokal ou.

- A Remainder of One pa Elinor Pinczes
- The Best of Times pa Greg Tang